# jan jëf la Yàlla gën a bëgg? Mu wax ne: "julli ci waxtoom" mu ne ko: teg ca lan? Mu ne: "teg ca fonk ñaari way-jur" mu ne ko: teg ca lan? Mu ne: "jihaad ci yoonu Yàlla

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Laaj naa Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-: jan jëf la Yàlla gën a bëgg? Mu wax ne: "julli ci waxtoom" mu ne ko: teg ca lan? Mu ne: "teg ca fonk ñaari way-jur" mu ne ko: teg ca lan? Mu ne: "jihaad ci yoonu Yàlla" nee naa moo ma ko wax, te bi ma sàkkoon ndollin mu dolli ma.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Laaj nañu Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-: jan jëf la Yàlla gën a bëgg? Mu wax ne: julliy juróom ci waxtoom wi ko Sariiha tënk, Teg ca fonk ñaari way-jur, di rafetal jëme ci ñoom, di taxaw ci seeni àq, te bañ leen a moy, Teg ca jihaad ci yoonu Yàlla, ngir yëkkati kàddug Yàlla mu màgg mi, ak aar diineem ji ak waa diine ji, ak fésal màndargaam, ci bakkan ak ci alal. Ibn Mashuud -yal na ko Yàlla dollee gërëm- nee na: moo ma xibaar jëf yii; te bu ma ko waxoon: teg ca lan? Kon dana ma dolli.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC
E-Da'wah Committee